

# SESORAH

(Atur Pambagyaharja)

❖ Wigatèkna, wacanen lan paragakna ;

Nuwun,

Para sesepuh dalah para pinisepuh ingkang pana ing pamawas saha lebda ing pitutur ingkang tuhu andum mangastuti dhateng pepoyaning kautaman, para winasis miwah sagung para pangembating praja ingkang pantes tinulad sinudarsana minangka songsong agunging para kawula dasih, para kadang tumaruna, para kadang manggalaning karya ingkang cinaketing manah tinangsul talining kekadangan tuwin sanggyaning para lenggah kakung sumawana putri ingkang sinugata sagunging pakurmatan.

Rèhning kula lan panjenengan punika hamung boboting titah sawantah ingkang taksih kapurba kawisésa déning Gusti Inggang Maha Agung, pramila sumangga langkung rumiyin kula dhèrèkaken sami munjuk raos syukur wonten ngarsa Dalem Gusti Allah ingkang sampun kepareng paring karohkmatan, kabagaswarasan dhumateng kula lan panjenengan waradin dhateng kaluwarga.

Para Rawuh,

Kula ing ngriki ngadeg nglenggana cumanthaka lumarab atur mundhi dhawuhipun kadang manggalaning karya pèngetan dinten kamardikan Republik Indonesia ingkang kaping 62, minangkani bilih kula kapurih mijilaken raosing gati para kadang, saestu para kadang ngaturaken gunging panuwun awit saking rawuh para tamu, ingkang sampun kanthi lila legawaning penggalih kersa angrawuhi pèngetan dinten punika, nanging kuciwaning manah para kadang boten saged caos papan palenggahan punapadéné pasugatan ingkang murwat, mila saking punika kula ugi nyuwunaken samudra pangaksami.

Para Lenggah kakung saha putri,

Kados cekap semanten atur saking kula, bokbilih wonten blèroning wirama, kithaling wicara, punapadéné tumindak ingkang keladuk kirang nujuprana, saged kula hamung nyadhong rumentahing samudra sih pangaksami, ing wasana jaya - jaya wijayanti, suradira jayaningrat lebur déning pangastuti, mugiya rahayu ingkang samya pinanggih. Nuwun.

Ing nginggil punika salah satunggaling tuladha sesorah, sesorah punika sami kaliyan pidhato nanging pidhato ingkang ngginakaken basa Jawi, jinising sesorah punika warni - warni antawisipun ;

1. Medhar sabda, utawi ugi winastan ular - ular, wasita luhur, wursitawara, sesorah jinis punika nggadhahi ancas lan isi bab wedharing pitutur jati utawi naséhat.
2. Atur pambagyaharja, sesorah jinis punika nggadhahi ancas lan isi minangka sarana nyambut rawuhipun para tamu lan ugi minangka sarana ngaturaken sugeng rawuh, adatipun ingkang paring atur pambagyaharja saking salah satunggaling sulih atur saking kulawarga ingkang saweg kagungan kersa / hajat.









3. Tanggap wacana, utawi tanggap sabda, sesorah jinis punika nggadhahi ancas lan isi minangka nanggapi atur pambagyaharja.

Basa ingkang kaginakaken salebeting sesorah punika basa Jawi Krama utawi Krama Inggil, menawi saged basa Krama / Krama Inggil ingkang baken (standar), sanès basa Krama Désa. Wondéné tetembungan Krama Désa ingkang sampun limrah inggih punika : *sepah, sesepah, waged, kita, sepindhah, keranten, èstu - èstu, lsp.*

➤ Wigatèkna :

| NGOKO       | KRAMA             | KRAMA INGGIL         |
|-------------|-------------------|----------------------|
| Aku         | Kula              | Kula                 |
| Kowé        | Sampéyan          | panjenengan          |
| Dhèwèkè     | Piyambakipun      | Panjenenganipun      |
| Awake dhéwé | Awakipun piyambak | Kula lan panjenengan |
| Tuwa        | Sepuh             | Sepuh                |
| Bisa        | Saged             | Saged                |
| Duwé        | Gadhah            | Kagungan             |
| Ati         | Manah             | Penggalih            |
| Nèk / Yèn   | Bilih             | Menawi               |
| Ngomong     | Matur             | Ngendika             |
| Lagi        | Saweg             | Saweg                |
| Turu        | Tilem             | Saré                 |
| Lunga       | Késah             | Tindak               |
| Mangan      | Nedha             | Dhahar               |
| Ngombé      | Ngunjuk           | Ngunjuk              |

➤ PARAMABASA ;

|   |   |         |   |                   |   |            |
|---|---|---------|---|-------------------|---|------------|
|  | → | sesepuh | → | dwi purwa + sepuh | → | tuwa       |
|  | → | dalah   | → | Krama Inggil      | → | lan        |
|  | → | pana    | → | Tembung Kawi      | → | waspada    |
|  | → | pamawas | → | pa(M)-+awas       | → | samubarang |
|  | → | saha    | → | Krama Inggil      | → | lan        |
|  | → | lebda   | → | Tembung Kawi      | → | duwé       |
|  | → | pitutur | → | pi- + tutur       | → | naséhat    |
|  | → | andum   | → | Tembung Kawi      | → | mbagi      |

|            |   |             |   |                |   |             |
|------------|---|-------------|---|----------------|---|-------------|
| ꦩꦒꦱꦠꦸꦠꦶ    | → | mangastuti  | → | ma(N)-+astuti  | → | pandong     |
| ꦥꦺꦥꦺꦪꦚꦺꦤꦶꦁ | → | pepoyaning  | → | DP + poyan+ing | → | tetembungan |
| ꦠꦶꦤꦸꦭꦢ     | → | tinulad     | → | -in-+tulad     | → | dicono      |
| ꦱꦶꦤꦸꦢꦫꦱꦤ   | → | sinudarsana | → | -in-+sudarsana | → | dicono      |
| ꦕꦶꦤꦏꦺꦠ     | → | cinaket     | → | -in-+caket+ing | → | cedhak      |
| ꦠꦶꦤꦚꦺꦱꦸꦭ   | → | tinangsul   | → | -in-+tangsul   | → | ditalèni    |
| ꦕꦸꦩꦩꦤꦲꦏ    | → | cumanthaka  | → | cumanthaka     | → | kewanèn     |
| ꦱꦶꦤꦸꦒꦠ     | → | sinugata    | → | -in-+sugata    | → | disuguh     |